**दिन–रविवार** **दिनांक–08.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे सीमा सुरक्षा बल वीरता, शौर्य आ बलिदानक दम पर पछिला छओ दशक सँ सीमा सुरक्षाक प्रथम पांति के मजगूत करबाक काज मे लागल अछि। जोधपुर मे आइ सीमा सुरक्षा बलक साठिम स्थापना दिवस के सम्बोधित करैत श्री शाह कहलनि जे उन्नैस सय पैंसठि सँ देशक पूर्वी आ पश्चिमी सीमा के सुरक्षित राखय मे सीमा सुरक्षा बल उत्कृष्ट काज कयलक अछि। ओ कहलनि जे सीमा सुरक्षा बलक बिना देशक बढ़ैत सुरक्षा आवश्यकता के पूरा करब असंभव अछि। गृहमंत्री कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे देशक सुरक्षा परिदृश्य मे पैघ बदलाव भेल अछि। श्री शाह कहलनि जे सरकार सीमा पर स्थित गाम सभ लेल जीवंत ग्राम योजना शुरू कयलक अछि। जाहि सँ सीमावर्ती गाम मे रहयवला लोकसभ के सम्मान, रोजगार आ मूलभूत सुविधा उपलब्ध कराओल जा सकय।

---

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा कहलनि अछि जे दू हजार पच्चीसक विधानसभा चुनाव मे बिहार मे एक बेर पुनः पूर्ण बहुमत सँ एनडीएक सरकार बनत। आइ कटिहार मे आयोजित पार्टीक कार्यकर्ता सम्मेलन के सम्बोधित करबाक बाद ओ कहलनि जे एनडीए पूर्णरूपेण एकजुट अछि। श्री झा कहलनि जे नीतीश कुमार कहियो कोनो जाति आ धर्मक नाम पर राजनीति नहि कयलनि। ओ दावा कयलनि जे अल्पसंख्यकक भोट एहि बेर निश्चित रूपें एनडीए के भेटत। ओ एक प्रश्नक उत्तर मे कहलनि जे बिहार मे विधानसभा चुनाव समय पर होयत।

---

बिहार विधान परिषद लेल भेल तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक उपचुनावक मतगणना काल्हि होयत। एहि उपचुनाव मे जदयूक अभिषेक झा, राजदक गोपीकिशन, जनसुराजक विनायक गौतम सहित कुल अठारह उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि।

———————————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे सत्तरि वर्ष सँ बेसी उमिरक नागरिक लोकनि लेल आयुष्मान कार्ड बनेबाक विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि। स्वास्थ्य मंत्री पटना पुस्तक मेला मे आयुष्मान योजना आ एड्स नियंत्रणक स्टॉलक उद्‌घाटन करबाक बाद संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे राज्य सरकारक दिस सँ दस दिसम्बर धरि आयुष्मान वय वंदना योजना अंतर्गत वरिष्ठ नागरिकक कार्ड बनाओल जायत।

———————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग स्पष्ट कयलक अछि जे सत्तरम् संयुक्त प्रारंभिक परीक्षाक तिथि आगां नहि बढ़ाओल जायत। आयोगक अध्यक्ष परमार रवि मनुभाई कहलनि अछि जे तेरह दिसम्बर के प्रारंभिक परीक्षा होयत जाहि मे चारि लाख अस्सी हजार अभ्यर्थी सम्मिलित हेताह। ओ कहलनि जे परीक्षाक सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। फॉर्म भरबा काल सर्वर अथवा कोनो तकनिकी समस्या नहि छल। बीपीएससी अभ्यर्थी लोकनिक एक प्रतिनिधि मंडल आइ आयोगक अध्यक्ष सँ भेट कऽ सर्वर डाउन रहबाक कारणे फॉर्म भरबाक आ परीक्षाक तिथि आगां बढेबाक मांग कयने छलाह।

———————————————————————————

बांकाक पूर्व सांसद मनोरमा देवीक निधन भऽ गेलनि। ओ बिरानवे वर्षक छलीह। मनोरमा देवी पूर्व मुख्यमंत्री चन्द्रशेखर सिंहक धर्मपत्नी छलीह। ओ दू बेर बांका सँ सांसद निर्वाचित भेल छलीह। प्रदेशक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, मंत्री सुमित कुमार सिंह तथा विधायक श्रेयषी सिंह समेत आनो लोक हुनक निधन पर शोक प्रकट कयलनि अछि।

———————————————————————————

दरभंगा जिला उर्दू भाषा कोषांग द्वारा डीएमसीएचक प्रेक्षागृह मे कार्यशाला सह फरोग–ए उर्दू सेमिनार आ मुशायराक आयोजन कयल गेल। ई कार्यक्रम मंत्रिमंडल कार्यालय विभागक निर्देश पर उर्दू निदेशालय द्वारा आयोजित कयल गेल।

———————————————————————————

प्रदेशक सात जिलाक पुरूष उम्मीदवार लेल बीस सँ छब्बीस दिसम्बर धरि अग्निवीर भर्ती रैली आयोजित कयल जायत। सेना भर्ती कार्यालयक अनुसार रैली मे पटना, बक्सर, भोजपुर, सीवान, सारण, गोपालगंज आ वैशाली जिलाक अभ्यर्थी भाग लेताह। अग्निवीर जनरल ड्यूटीक पुरूष अभ्यर्थी लोकनि लेल बीस सँ चौबीस दिसम्बर धरि जखनकि टेक्निकल, कार्यालय सहायक आ एसकेटी पुरूष अग्निवीर लेल भर्ती रैली पच्चीस दिसम्बर के होयत। एहि जिला सभक आठम् आ दसम् पास अभ्यर्थी अग्निवीर ट्रेड्समैन पद लेल छब्बीस दिसम्बर के भर्ती रैली मे सम्मिलित हेताह। ओतहि, बिहार–झारखंडक शॉर्टलिस्ट कयल गेल महिला अभ्यर्थी लोकनि लेल ई रैली सत्ताईस दिसम्बर के आयोजित कयल जायत।

———————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे तेज पछवा हवाक कारणे ठंढ़ा बढ़ल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ सात दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियसक संग रोहतासक डेहरी सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल।

———————————————————————————

समाप्त